Нобэ илъэс 70 урокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Бицу Анатолэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№143 (23.301) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 26, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва щыхуэзащ Налогхэмкlэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Мишустин Михаил

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва щыхуэзащ Налогхэмкlэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Мишустин Михаил.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ налогхэр къызэрыхахыр егъэфIэкIуэным, республикэм и бюджетым налог хэхъуэжр къыхуэзщIэгъэуIуэным, инвестицэ проект инхэр гъэзэщIэным икIи абыхэм ялкъ иткIэ налог къызыпыкI Iэнатlэхэм зегъэубгъуным, Урысейм Налогхэмкlэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КЪБР-м щыIэм планкIэ къыпэщыт Iуэхухэр игъэзэщIэныр къызэгъэпэщыным.

Дызэрыт илъэсыр къызэрыуэнхурэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым и Iэнатlэ псоми налог ахъщэу сом меларди 9,4-рэ къыхузэщIагъэуIуащ. Ар 2015 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ хуэдэ 1,5-кIэ нэхъыбэщ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

Гъэсныпхъэ-энергетикэ Iэнатlэм щыэзэтрихьа щIыхуэхэр пшыныжным щIыналъэм и унафэщIхэр егъэпIейтей

**УФ-м энергетикэмкlэ и министр Новак Алексей бадзэуэгъуэм и 22-м Пятигорск къалэм къыщыIэзригъэпэщащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Iуэхухэмкlэ Правительствэм и комиссэм и деж щыIэ лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ. Ар зытеухуауэ щытар щIыхуэхэр пшыныжным хуэгъэзауэ энергетикэм и Iуэхущ Iапl эхэм 2016 гъэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэрщ, апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкlэ Правительствэм и комиссэм и къэралыгъо мазэм къищтауэ щытащ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым щалэжь хабзэншагъэхэр къызэпыудыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр адэкIи егъэкIуэкIыным теухуа унафэ. Ахэр гъэзэщIэныкIэ жэуап яхь УФ-м и Правительствэмрэ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэм и аппаратымрэ. Меликов Сергей кьитIэльэгъуащ щIыхуэхэр пшыныжын и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIахэмкlэ субъектхэм я Iэтащхьэхэм фокIадэм и 1-м фIэмыкIыу отчёт ятын хуейуэ Правительствэм и комиссэм и унафэм зэритыр.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ субъектхэм я гъэзэщIакIуэ властым и органхэм, Урысейм Энергетикэмкlэ и министерствэм, «Рынокым и совет» ассоциацэм, «Россети», «Газпром» акционер зэгухьэныгъэхэм, УФ-м и МВД-м, нэгъуэщIхэми я лIыкIуэхэр зэIущIэм хэтащ.

Абы къыщаIэта Iуэхухэм ятеухуа унафэ, чэнджэщ пыухыкIахэр къащтащ.

КРАПИВИНЭ Викторие.

КIуэкIуэ Юрий, видеоконференцсвязыр къигъэсэбэпри, къыщыпсэлъащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхухэмрэ энергоресурсхэм я уасэхэмкIэ зэтрихьа щIыхуэхэр пшыныжынымрэ теухуа зэIущIэм

Бадзэуэгъуэм и 22-м УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэ Меликов Сергей, УФ-м энергетикэмкlэ и министр Новак А. В. сымэ Пятигорск щрагъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхухэмрэ энергоресурсхэм я уасэхэмрэ зэтрихьа щIыхуэхэр пшыныжынымрэ, абы хэтащ икIи къыщыпсэлъащ КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

КЪУЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым зэщIэгъэуIуауэ щолажь къагъэсэбэпа энергоресурсхэм я уасэхэмкlэ зэтрихьа щIыхуэхэр пшыныжым. Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм хуагъэуващ иджыпсту къагъэсэбэп энергием и уасэр мазэ къэс ирикъуу тыныр, блэкIа илъэсхэм зэтрихьа щIыхуэхэр пшыныжынымрэ къызэрагъэпэщыну, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым хыхьэ организацэхэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ я лжьыгъэр ирагъэфIэкIуэну.

ЗэIущIэм щаубзыуахэм япкъ иткIэ, зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэм къалэн щащIащ энергоресурсхэм я уасэхэмкlэ зэтрихьа щIыхуэр гъэмэщIэным хуэгъэза Комплекс планыр нэхъ жыджэру ягъэззащIэну.

Пятигорск щекIуэкIа зэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щIIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр Опрышкэ О. Л. етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Тхьдэ щIэныгъэм зегъэужьыным езым и щхьэкIэ зэфIэкIышхуэ зэрырихьэлIам икIи жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым къыпэкIуэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **Опрышкэ Олег Леонид и къуэм.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м
№81-УГ

Опрышкэ ягъэлъапIэ

Опрышкэ Олег тхыдэтх, архивист цIэрыIуэщ, «Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр институт» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iуэхущ Iапl эм тхыдэмкlэ и секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьщ, КЪБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я союзхэм хэтщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм зегъэужьыныгъэ кузд зэфIигъэкIащ. XVI - XX лIэщIыгъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм, Кавказыр бийр щыхъумэныгъэ 1942 - 1943 гъэхэм екIуэкIа зауэшхуэхэм ятеухуа документальнэ публицистикэ тхылъ 14 кьыдигъэкIащ. Абыхэм ящыщу «По тропам истории» (Налшык, 1976, 1979, 1990, 2007), «На Эльбурсском направлении» (Налшык, 1970), «Бывают странные сближения» (Налшык, 1993), «На изломе времён» (Налшык, 1996), «Кавказская конная дивизия» (Налшык, 1999, 2007, 2012). Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу къыдэкIащ 1942 гъэм и щыщхьэуIу мазэм - 1943 гъэм и щышылэ мазэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм ятеухуа тхылъ купщIафIэр.

КЪБР-м и ЩIыхь тхылъыр (1997, 2007), КЪБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр (1999), КЪБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр (2006) кратащ. Нартан къуажэм щIыхь зиIэ и цIыхуэ (2006).

«ЩэкIуэн зыфIэфIэхэмрэ щэкIуэныкIэ спортсменхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыщэкIуэныкIэ мардэхэр гъэувыныкIэ пIалъэхэр зэхъуэкIыныкIэ теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм фокIадэм и 14-м къыдигъэкIа Указ №131-УГ-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукlэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «ЩэкIуэн зыфIэфIэхэмрэ щэкIуэныкIэ спортсменхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыщэкIуэныкIэ мардэхэр гъэувыныкIэ щыщэкIуэныкIэ пIалъэхэр зэхъуэкIыныкIэ теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм фокIадэм и 14-м къыдигъэкIа Указ №131-УГ-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэм икIи абы и пункт 2-р мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу зэхъхьэн:

«2. ЩэкIуэн зыфIэфIэхэмрэ щэкIуэныкIэ спортсменхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм псэущхьэхэм зэрыщещакIуэ пIалъэхэр гъэувын:

мэзыкъуэм - жэпуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ дыгъэгъаззм и 31-м нэсыху;

тхьэкIумэкIыхьым - жэпуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ щIышылэм и 31-м нэсыху.».

2. Мы Указым кьару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м
№83-УГ

Лъэ быдэ

Ди литературэм и фIыпIэм щыщ хъуа усыгъэ тельыджэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа, тхылъеджэхэм фIыуэ ялъэгъуа усакIуэщ Бицу Анатолэ.

Бицу Анатолэ Мурат и къуэр Аушыджэр (Дыгъужьыкъуей) къуажэм 1946 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ иIэ къудамэм илъэситIкIэ щеджа нэужь, М. Горькэм и цIэр зезыхьэ Литературэ институтыр къиухащ (1971 гъэ). «Литературэм и лэжьакIуэ» цIэр къыщIиха къудейм къыщымынэу, Толэ адыгэ напэр ихъумэу, зыхэт гупым я лэжьыгъэм щIалэ жыджэру зыкъыщигъэлъагъуэу щеджащ Москва. Абы щыщIэса зэманырщ и япэ усэ тхылъыр - «ГуфIапщIэр» - дунейм къыщытехьар (1969 гъэ). Абы нэмыщI, Бицум и усэхэр, балладэхэр, поэмэхэр щызэхуэхьсауэ дунейм къытехьащ «Зы дакъикъэ», «Фэеплъ», «Псалъэ быдэ», «Гуэл щхъуантIэ», «Балъкъэр пшыналъэ», «Усыгъэхэр», «Псэм и дуней», «КIуэцIрыкIыбжэ», «Уэс къос» тхылъхэр; урысыбзэкIэ Москва, Налшык къыщыдэкIащ Анатолэ и тхылъ зыбжанэ - «Стремление», «Человек и небо», «Сквозь сердце», «Мотив», «От весны до весны», «Позывные жизни».

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм Бицу Анатолэ илъэс 46-кIэ щылэжьащ редактору, художественнэ литературэм и редакцэм и унафэщIу, тхылъ тедзапIэм и директорым и къуэдзэу икIи редактор нэхъыщхьэу.

Бицу Анатолэ пасэ дыдэу хагъэхьащ Совет Союзым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм (1974 гъэ), Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолым и саугъэтым и лауреатщ (1977 гъэ), «Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КЪБР-м и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэхэр къыфIащащ. Литературэр, усыгъэр фIыуэ зыльагъу псори иджыри куэдкIэ дыщогугъ Бицу Анатолэ.

Бицу Анатолэ тедухуащ нобэрей къыдэкIыгъуэм и 2 - 3-нэ напэкIуэцIхэр.

Унагъуэр зэтезыIыгъэ лъапIэныгъэхэр зыхъумэхэр

«Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжныгъэмрэ папщIэ» дамыгъэхэмкIэ ягъэлъапIащ Бахъсэн районым щыщу илъэс куэд лъандэрэ зэхуэпэжу зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэр.

БАХЪСЭН район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Iэхъуэбэч Анзор зэIуахащ СССР-м Финансхэмкlэ и министерствэм и Гознак управленэм и типографиер. Иджыпсту ар УФ-м Финансхэмкlэ и министерствэм и Гознакым и типографиерщ, урысей ахъшэхэр щытрадзэрщ.

♦1770 гъэм Урыс-Тырку зауэм и зэманым, генерал Репнин Николай зи пашэ дэзэм Измаил быдапIэр щащащ.

♦1805 гъэм Везувий вулканыр кIибыгъуэкIри, Неаполь къалэм и зэхуэдитIым нэхърэ нэхъыбэр зэтрикъуащ. А гъэзэгъуэм цIыху мин 26-м нэблагъэ хэкIуэдауэ щытащ.

♦1946 гъэм Москва къыщыдамыгъэ лъапIэхэр, бгъэхэлъхэр, абыхэм ядэщIыгъу щыхьэт тхылъхэр яритызэIуахащ СССР-м Финансхэмкlэ и министерствэм и Гознак управленэм и типографиер. Иджыпсту ар УФ-м Финансхэмкlэ и министерствэм и Гознакым и типографиерщ, урысей ахъшэхэр щытрадзэрщ.

♦1957 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу гъэзуанэщхуэ зэпызычыф баллистическэ ракетэр иутIыпщащ.

♦1963 гъэм Горький къалэм дэт автозаводым щызэпкърахьащ «ГАЗ-53» хьэпIэзэешэ автомобилыр.

♦1993 гъэм Урысейм пщIэ щамыIэж хуауащ СССР-м къыщыдагъэкIа ахъшэхэм. 1961 - 1992 гъэхэм зекIуэ совет ахъшэхэм я пIэ кьиуващ урысей сомыр.

♦ТхакIуэ, тхыдэдж-архивист, КЪБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Опрышкэ Олег** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Тыркум щыщ актёр, сценарист, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Онер Четин (Гъуэгуl)** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цIыхубэ усакIуэ, КЪБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бицу Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ цIыху **Къардэн** (ХьэтIохъуащIкъуей къу.), Гъубжокъуэхэ Мухьэмэдрэ Жаннетэрэ (Бахъсэнёнкэ къу.).

КъызэгъэпэщакIуэхэр зэщхьэгъусэхэм гуапэу екъуэхьауад, унагъуэр зэтезыIыгъэ лъапIэныгъэхэр зэрахъумэм, жылагъуэм хэзагъэ бын зэрапIам, унагъащIэхэм щапхъэ дахэ зэрахуэхъум папщIэ фIыщIэ хуащIащ икIи щIыхь тхылъхэр ираташ.

Махуэшхуэр ягъэдэхащ гъуэзджэхэмкlэ район школым и гъэсэн цIыкIуэхэм я зыкъэгъэльэгъуэныгъэмрэ щэнхабзэмкlэ къудамэм и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэща концертымрэ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн район администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапl эм и унафэщI.

● Бахъсэн щIыналъэ

♦Эсперантэ бзэм и махуэщ

Банкым егъэмащIэ

цIыхухэм я щхьэ Iуэхукlэ къагъэсэбэпыну къащтэ щIыхуэхэм проценткlэ щхьэщатыкIыр

А унафэм цIыху щхьэхуэхэр щэсыпIэ зэрихьэм ипкъ иткIэ ират щIыхуэхэм илъэсым щхьэщатыкIыр процент 13,9-м, щэсыпIэ ихьэхэр хэмыту кьыIах щIыхуэхэм щхьэщатыкIыр процент 14,9-м нэсу къратагъэхащ. Апхуэдэ ставкэхэр къагъэсэбэп сом мин 400-м щегъэжьа щIыхуэхэм яхуэгъэзауэ.

ХЪУМАПIЭ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий зэрыжиIамкlэ, я щхьэ Iуэхукlэ къагъэсэбэпын щхьэкlэ цIыху щхьэхуэхэм ящыщу кредитхэр къэзыщтэхэм я бжыгъэр иужьрей зэманым нэхъыбэ хъужащ. 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэм щата потребительскэ кредитхэр сом мелард 1,3-м ноблагъэ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ хуэдитIым щIигукlэ нэхъыбэщ.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхуэхэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Вы ныш нэхърэ - нэщхъыфIэ.

Сэ есхулІами си бжьыхьэкІэм,

УсакІуэр къэрал гъунапкъэр зыхъумэхэм я хьэщІэщ. *Армение, Ленинакан къалэ. 1971 гъэ*

Куууэ зэпкърех

Зыкъом щІащ ди литературэм къызэрыхьыхьэрэ усакІуэ Бицу Анатолэ и лирическэ лІыхъужьыр, гу щабэ зыкІуэцІылъыр, ауэ хуей хъумэ, зи «гущхьэр къачэу» гъащІэм дэтхэнэ и зы бийми пэувыфыр.

АР ЗАГЪОЛЪЭГЪУЭН нэхъ дерс ямыІэу, иужьрей илъэсхэм ди литературэм щиувыкІахэм къахокІуэтри гъэщІэгъуэну икІи куэду къызэкІуэцІокІ, дунейм и гурыгъу-гурыщІэхэм гу пцІанэкІэ йоІусэ. Гуауэмрэ гуфІэгъуэмрэ я зэхуакІэ иІэ жьы дэхупІэ тІэкІум ирибауэ мы сатырхэм къаІуатэ гъащІэм и пэжьпІэр зи курых гупсысэ: «О, анэ, уи гур гъэбыдэ, гуфІэгъуэ хьэщІэу къэкІуащІ!» УсакІуэр мэшынэ и нэгу щІэкІа гуауэхэм зи гур «пІащІабзэ» ящІа анэм къыхуэкІуа гуфІэгъуэр хуэмыхьыжьынкІэ...

Бицум итха нэгъуэщІ зы усэм нэхъ лъэщыжу къыщІэт мы темэм епха гупсысэхэр. Зауэм хэкІуэда и къуэм и сурэт блыным фІэлъым еплъу щыт анэм щыгъуу гуауэр зыпэмыльэща гъащІэ къуэпсхэри усакІуэм ди нэгу къыщІегъэувэф.

Бицур гъащІэм нэ жанкІэ хоплъэ, и тхыгъэхэм темэ куэд къыщеІэт, дэтхэнэри езым и бгъэдыхьэкІэ иІэжу куууэ зэпкърех, и гупсысэхэр усэбзэ дахэкІэ тхылъеджэм хуеІуатэ, зыхуиІуатэми ахэр къабыл ещІ. Гум дохьэ усакІуэм и лирическэ лІыхъужьыр - псэ къабзэр, гу пцІанэр.

АЦКЪАН Руслан,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ.

ПсэкІэ мэпсэу

ЕтІощІанэ лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм адыгэ литературэм къыхьыжащ зэфІэкІ зиІэ усакІуэ гупыфІ. Абыхэм ящыщщ 60 гъэхэм и кІэухэм адыгэ усыгъэм и уафэгум къыщыхъуэпскІа Бицу Анатолэ. А хъуэпскІым къигъэнэхуа уафэ джабэм иджы ибольагъуэ Бицум и псэм и нуркІэ зэщІигъэна, нобэми зэщІэлъэ дыгъэ гуащІафІэ.

«АР ЗЭКЪУЭХУАУЭ мыусакІуэу къыпхуэубыдынутэкъым», - хужьаІэгъащ урыс усакІуэшхэу гъэрым. А псалъэхэр сыт и лъэныкъуэкІи - и тхыгъэкІи, и дуней тетыкІэкІи, и хьэл-щэнкІи, и нэгу зэхэлъыкІэкІи - епхьэлІэ хъунущ Бицум. Апхуэдэу щІыщытми щхьэусыгъуэ зищІэ: дэтхэнэ усакІуэ нэсми хуэдэу, ар псэкІэщ зэрыпсэур, абы зэрегъэзахуэ дуней псор. УсакІуэм и пщэ къыдэхуэ къалэныщхъуэм теухуауэ езы Бицум пасэу итхауэ щытащ мы сатырхэр:

УсакІуэр и плъыр сакъщ цІыхуу гъащІэм,
НэгъуэщІым ар сэ схуемыгъэщхь.
Щхьэщыубгъуауэ щІым игу пІащІэр
Абы и гъащІэ машІэр ехь.

Зы махуэ и псэм псэху имыщІэ,
Зы жэщ имыІэ Іэфіу жей.
Сыт хуэдэ къуакІи нэкІэ къищу,
Ар зыхуэплъырыр щІы хъурейрщ...

...Зыгуэр къытепщхьэм, жэщ мазэнэщу,
Е блащхьуэр щІыльэм, зищІу щэху -
Еуэнщ усакІуэр игу-тхьэгъушым,
ЩІым цІыхуу тетыр къэушых!

УсакІуэм и дежкІэ щыІэкъым щхьэ закъуэ насып. Абы и насыпыр къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ щІым цІыхуу тетым, бэм я насыпым.

«ЦІыху мелуанхэм я гуауэр згъэвыну къысхуиухащ, лІэщІыгъуэ минхэм я хьэлъэм мы си плІэр къысфІиухуащ», - жиІэгъащ усакІуэ гуэрым. А гуауэмрэ и хьэлъэмрэщІ Бицуми псэхугъуэ къезымытыр. Языныкъуэ «хьэрш» усакІуэхэм ещхьу, ар яужь иткъым уафэ къатиблым и щІыІукІэ усэ «жылэ» щытрисэну. Абы и дежкІэ нэхъыщхьэр дызытет щІырщ, цІыхуращ, цІыхупсэрщ, псальэм и къарукІэ мы щІым щызэхуэмыхъуэхэр зэхуэгъэхъуныщ.

УсакІуэхэр лІэужьыгъуитІу егупсу: усакІуэ нэпцІхэмрэ усакІуэ нэсхэмрэ. Ялпхэр, поэзием хэлъын хуей мафІэр я тхыгъэм хэмылъ пэтми, щхьэхуещагъэм и Іэмал псори къагъэсэбэпурэ, яхуэмыфащэ лъагапІэм яфІыдокІ. АрщхьэкІэ пІалъэкІащ зэрытетыфыр. «ЦІыхухэ, сэ фэ сыви усакІуэщ», - жаІэу къекІиех щхьэкІэ, апхуэдэр цІыхухэм кърадзэркъым, «утцІыхуркъым» - жари, іожьэж. Абдеж критик мыльхуэсым къигупсыса «усакІуэшхэр», а бгы щыгум жьыІурыхьэгъуэ щимыгъэтыж мэхъури, яуэладжэм докІуэдэж.

УсакІуэ нэсхэр аракъым. Ахэр цІыхугум къошхыдыкІ, цІыхум и гуауэми и гуфІэгъуэми поджэж, я псэм и мафІэкІэ цІыхупсэр ягъэхуабэ. А мафІэм езы къызыбгъэдэкІыр исми, абы и бзийхэр гуапэщ зезыгъэухэм дежкІэ. А гуапагъэм лъагъуныгъэшхэу къегъэщІ. Апхуэдэ усакІуэрщ бэм игъэлапІэр, «ди усакІуэхэ» зыфІищыр. Апхуэдэр езы цІыхухэм яІэтри, поэзием и Іуащхьэ щыгум трагъэувэ, игъащІэ псокІэ тетыну. Акъыл жанрэ гурыщІэкуукІэ, псэ къабзэрэ гу пцІанэкІэ, нэхъыщхьэращи, зэчиягъэкІэ Тхьэр зыхуэупса закъуэтІакъуэрщ апхуэдэ насып зыгъэунэхуфыр. А закъуэтІакъуэм, шэч хэмылъу, ящыщщ усакІуэ Бицу Анатолэ.

ЦІыхум акъылкІэ къыгуроІуэ гъащІэм и хабзэ пэнжхэр тынщу зэрыпхуэмыхъуэжынур. ЦІыхупсэр абы арэзы техъуэфырыкъыми, псысэ къегупсыс. Псэ хейхэм я хеиж усакІуэми иІэжщ езым и дуней, дахагъэу щыІэмкІэ гъэнщІауэ. И гум къыщІрихьэкІ дуней телъыджэм ещхь мы дызытет дуней нэмыщІысар ищІынырщ дэтхэнэ усакІуэ нэсми и хъуэпсапІэр. Аращ Бицури зыщІэхъуэпсыр.

ИльэС зыбжанэ ипэкІэ сэ мы усэ сатырхэр хуэзгъэфэщащэу щытащ Бицум:

ИІэжщ усакІуэм и дуней,
Хуэсакъыу псэкІэ къурихьэкІыу.
Дахагъэ мыкІуэщІкІэ ар къулейщ,
Пэжыгъэрщ гъуазэу кьыдекІуэкІыр.

Абы гулъ хужьхэр къыщотІэпІ,
Абы жыг хужьхэр къыщоогъагъэ.
Насып псынэпсыр къизыгъахъуэ
ЦІыхупсэ кейхэр щыІэдэбщ.

ИІэжщ усакІуэм и дуней,
Жэщ къэскІэ пщІыхьу ильагъужу.
И гугъэм хуэхъурэ ар пкІэльей,
Уэрэд пщэдджьыжьым ууиусыжу.

Зэгуэр усакІуэм и дунейм
Ещхь хъууэ щытпэ ди цІыху гъащІэр, -
Арщ къехъулІауи и гуращэр -
НэгъуэщІ насыпи ар хуэмей!

Шэч хэлъкъым Бицу Анатолэ и творчествэр литературэм и щІэныгъэлІхэм дяпэкІи куууэ зэраджынум, куэди зэрытратхыхьынум.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,
«Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакІуэ.

Бицу зэкъуэшхэр *(сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ):* **Георгий, Бабий, Юрэ** *(щысхэщ),* **ПІотІэ, Анатолэ.** *1967 гъэ*

ТепыІэншэу сыпоплъэ

ЦІыху къэс мы дунейм, гъащІэ къыхуиухам езым и ІэнатІэ, къалэн пыухыкІа щиІэжщ. Нэхъыщхьэри а къалэныр, ІэнатІэр зыхуэдэр аракъым, атІэ а уи ІэнатІэм псэ къабзэкІэ, гу хьэлэлкІэ узэрыбгъэдэт щыкІэрщ, уи къалэныр къызэрыбгурыІуэжьмрэ зэрыбгъэзащІэмрэщ.

ЗИ КЪАЛЭНЫР фІыуэ къызыгурыІуэж икІи псэ къабзэкІэ, гу хьэлэлкІэ абы бгъэдэт усакІуэщ Бицу Анатолэ.

Бзэм и къарур - аращ усакІуэм и къарури зыхэтыр. Аращ Анатолэ и анэдэлъхубзэм лъагъуныгъэ лей щыхуиІэри. Бицум и усэхэм, уеблэмэ ди адыгэ усыгъэм и лъагъуныгъэ лириким я фІыпІэхэм ящыщу зысплъытэ хъунущ «Къосыр уэс» усэр. Мы тхыгъэм щІэлъ гурыщІэм утепсэлъыхькІэ е ар къэпІуэтэжкІэ къыпхуэгъэнэІуэнукъым. А усэр зыхэпщІэн щхьэкІэ, псэкІэ укъеджэн хуейщ. Ар дэтхэнэ зы усэфІми хэлъын хуей хьэлщ. Лъагъуныгъэ къабзэм, лъагъуныгъэ дахэм и къару, гурыщІэ псори псэм къыщызыгъэуш усэщ мыр. Араш уеджэ пэтми зыщумыгъэнщІу къыщІытебгъэзэжыр.

Сэ Бицу Анатолэ и тхыгъэхэр къызэрысщыхъур ныбжьэгъум и илъэс хыщІым ирихьэлІэу хуэстха мы усэ цІыкІум щыжьсІэфауэ си гугъэжщ:

Гъащ Іэ тхылъ

Ди гъащІэ тхылъым дрегъаджэ,
Деущий, тхуобзафІэ, тхуожумарт.
Дыкъытощыжри абы гъуджэу,
Дегъэлъагъужьыр ди сурэт.

Дегъэлъагъужьыр ди сурэтыр,
Химылъхьэу теплъэм плъыфэ лей.
Ди махуэ псори и зэхуэдэу
Етхыж, хэмыту нэфІ е ней.

Уи гъащІэ тхылъым сриплъэжу,
НапэкІыуцІ хыщІ зэзгъэдэкІам
ПымыкІрэ сигу, къытезгъэзэжу,
Сэ усэфІ Іэджи къизджыкІащ.

Пхурехъу а тхылъыр абрагъуэ,
Хуэщхьэпэу лъэпкъым махуэ къэс.
ЦІыху лъагъуныгъэр игъэбагъуэу,
Иджыри куэдрэ уэс кърес.

Бицу Анатолэ и усэхэр усыгъэ нэсым и щапхъэщи, адыгэ поэзиер гъуэгу тэмэмкІэ унэтІыным хуэлажьэхэм я гъуазэ пэлъытэу ди усыгъэм къыщонэху. Аращ сэ Бицум и тхылъыщІэ, тхыгъэщІэ дунейм къытехьэным тепыІэншэу сыт щыгъуи сыщІыпэплъэр.

УЭРЗЭЙ Афлик,
усакІуэ.

Шыпхъу къалэнкІэ хьэкъ къытенакъым

Дэ дыбынугаъуэшхуэт. Ди адэ-анэм бынипщІ яІащ. Толэрэ сэрэ унагъуэм дранэхъыщІэт. Абы къыхэкІыуи зэман нэхъыбэ зэдэдгъэкІуащ. Нэхъыжьхэр хэти еджапІэ кІуэщ, хэти унагъуэ хъужхэри. ЗэбгрыкІащ. Толэ куэдым сыхуигъэсащ икІи сыхуиущищ. Къапщтэмэ, литературэм куууэ сыдезыгъэхьэхар аращ, сызэджэнухэмкІэ чэнджэщ, къызитырт, иужькІэ а тхыгъэхэм хэт лІыхъужьхэм зэгъуэсу датепсэлъыхьыхьырт. Москва еджапІэ щыщыІэми, абы и лъэныкъуэкІэ и нэІэ стригъэкІыртэкъым. ЗыгъэпсэхуакІуэ къыщыкІуэжам и деж сызэджэну тхылъхэр къысхуигъанэрти: «Си къыкІэлъыкІуэ къэгъэзэжгъуэм ирихьэлІэу мыхэр щІэбджыкІауэ щытын хуейщ», - жиІэрт. КъэкІуэжамэ, сыкъипщытэрт.Мис апхуэдэу дунейпсо литературэм сыхигъэгъуэзащ.

ЦІЫХУ насыпыфІэу къекІуэкІащ Толэ, и адэ-анэм, къуэш нэхъыжьхэм я жьауэм щІэту. Пасэу тхэн щІидзащ абы. Си дэлъху Бабийрэ си шыпхъу КІуэлэрэ школым щылажьэрти, егъэджакІуэхэм къыжраІэрт: «Толэ мэІуащэри партэм дэсщ, зыгуэрхэри етх. Дыбгъэдыхьэмэ, зыри къэмыхъуам хуэдэу мэтІысыж». Абы щыгъуэм усэ итхыу арат. Пасэу наІуэ хъуат ар творческэ цІыхуу зэрыщытыр. ЕджапІэм щагъэхьэзыр «ЩыбжийІ» бын газетыр ящыдигъэкІырт, абы хуитх тхыгъэхэм карикатуэхэри хуищыжырт. КъищынэмыщІауэ, уэрэд дахэу жиІэу, спортми зэфІэкІхэр щиІэу апхуэдэт.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджэу, зыми ямыщІэу Москва дэт, Горькэм и цІэр зезыхьэ Литературэ институтым щІэтІысхьауэ щытащ. Абы зыщригъэдзыжам, езым зэрыжиІэжьмкІэ, ялпхэм «Кавказым къикІащ» жаІэу гулъытэшхэ къыхуамыщІу екІуэкІащ. ИтІанэ и зэфІэкІыр, и щІэныгъэр ягъэунэху нэужь, псоми пщІэ къыхуащІ хъуат, тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ щІэрыІуэхэр ныбжьэгъу къыхуэхъуат. Абдеж ІэнатІэ къыщыхуагъэлъэгъуат, ауэ ди анэр сымаджэт, и къуэр щІыпІэ жьыжьэм къышцынэу фІэфІтэкъыми, абы жиІэм едаІуэри къэкІуэжауэ щытащ икІи «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм лэжьэн щыщІидзащ.

И цІыху щІыкІэкІэ, и хьэл-щэнкІэ и гугъу пщІымэ, икъукІэ хьэлэлщ, щабэщ, гу къабзэщ. ЗэрыцІыкІу лъандэрэ зэрыхуэзфІэкІкІэ цІыхухэм сэбэп яхуэхъу къэкІуэкІ. Апхуэдэу щытын хуейуи фІэкІа ищІэркъым. Ди хьэблэм дэс лІыжь-фызыжьхэм сытым дежи защІигъакъуэрт, я унагъуэ Іуэхуэр ядигъэспэнщІэрт. Зэгуэрым, 11-нэ классым щІэсу, школым и унафэщым и къуэдзэр щыІэтэкъыми, ар къыдишыну ягъэкІуат. Уэрам цІыкІу гуэрым дыхьауэ пскъуий къатІу ирихьэлІащ. Хьэкъуафэ хьэлъэм телъу ятІэр къыдрахьёйрт, ар ящэщырти, ирагъэжэхьыжьрт. Апхуэдэу ар къыдззышёим зэрымыщІэкІэ Іэщ1экІащ, ятІэр телъу хьэкъуафэ хьэлъэр щхеуэхьжьым, псыкъуиим итыр къэкІиящ: «Сеукі, сеукі!» - жиІэри. Хьэкъуафэр зыІэщІэкІар гуэкъэйри, Іужьжьат. Толэ макъыр щыІэхихьым, щІэпхъуэри, хьэжъуафэр къызэрыдрашей гъущІджэрэзым бгъэкІэ зытридзащ, абы и джанэр дилъафэри, апхуэдэ щІыкІэкІэ къызэтеувыІащ. ГъущІджэрэзыр и натІэм къытехуэри, си дэлъхур жьыжьэу къыІуидзащ. И щхьэми и Іэпкълъэпкъми удыныщхуэ игъуэтауэ, лъыр кьежэхьу, и закъуэпцІийуэ унэм къэкІуэжат. КъызэрыщІыхьэжу къэмэхри, дохутыр къыхуэдджауэ щытат.

Толэ сытым щыгъуи лъагапІэм щохьынэ. «Искож» хьэблэм щыдасам, махуэ гуэрым лэжьапІэ икІыжауэ, я унэм деж цІыху куэд щызэхуэсауэ зэхэту, мафІэсгъэункІыфІхэри кьраджауэ ирихьэлІэжащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, и гъунэгъу фэтэрым мафІэ къыщыхъуауэ арат. Илъэси 4 зи ныбжь щІалэ цІыкІУ и закъуэу унэм къыщІанат. Сабийр гъыуэ щхьэгъубжэм къыІутт. Абы и псэм телъ бэлыхьыр хуэшэчакъым си дэлъхум. ЛъагапІэм зэрыщышынэри щыгъупщэжауэ, 4-нэ къатым дэкІуеижщ, езым и унэм и балконымкІэ щхьэпрыкІри, гъунэгъу фэтэрым щІыхьэри щІалэ цІыкІур къригъэлауэ щытащ.

Мис апхуэдэщ и дуней тетыкІэр. Зыгуэр дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэмэ, си щхьэр нэхъапэщ жиІэнукъым.

Толэ и щхьэгъусэр дунейм ехьжащ, ныбжь и гурыфІыгъуэр и щІалэ закъуэрщ. Гуауэми гу быдэ ищІакъым ар, ноби и гулъытэр псоми яльыгъэу апхуэдэщ. Сэ сыкъапщтэмэ, щыпхъу къалэнкІэ и хьэкъ къытенауэ схужыІэнукъым. Сытым дежи сигъэгушхуэ къызбгъэдэтщи, си дэлъхум сохъуэхъу и гуащІэрэ и къарурэ щІэмыкІыу иджыри куэдрэ къытхэтыну.

БИЦУ Юлие.

Гъуэгугъэлъагъуэ. КІыщокъуэ Алимрэ Бицу Анатолэрэ. *ПсыкІэху, 1984 гъэ*

Налшык щохьэщІэ Мэшбащіэ Исхьэкъ. Абы и гъусэхэщ Бицу Анатолэ, Зумакулов Борис, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, МафІэдз Сэрэбий. *2004 гъэ*



Тхакіуэ Журт Биберд, Олимп джэгухэм я чемпион Брумель Валерий, Бицу Анатолэ. *1981 гъэ*

КъБАССР-м и тхакІуэхэм Москва къикІа хьэщІэхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщрагъэплъыхь. *1972 гъэ*

Зыми емыщхь

Курыт еджапІэм сыщІэсу и япэ тхылъ «ГуфІапщІэмкІэ» си гъащІэм къыхьыхьащ Бицу Анатолэ. ИльэситІ нэхъ дэмыкІыу, 1971 гъэм, дунейм къытехьащ усакІуэм «Зы дакъикъэ» зыфІища и етІуанэ тхылъри. А тхылъитІым ярыт усэхэр апхуэдизкІэ щІэщыгъуэт, псэкІи си гъунэгъути, псори гукІэ зэзгъэщІауэ щытащ.

БИЦУ Анатолэ и усэхэр куэдрэ Іуамыха щхьэгъубжэр зэІуадзу пэшым кьыщІэуа хьэуа къабзэм хуэдэт: абыхэм уи лъэр жан ящІырт, уи щхьэр ягъэунаэзрт, гумрэ псэмрэ я плІанэпэ нэхуэм удагъапльэрти, цІыхугъэмрэ адыгагъэмрэ я хабзэхэм утетмэ, гъащІэм щыпхузэфІэмыкІын зэрыщымыІэр уи фІэщ ящІырт.

Бицум и усэхэр «ныбжьэгъу» кьыззэрысхуэхуэрэ илъэс плІыщІым щхьэдэхами, сэ абы зэи сыхущІегъуэжакъым: зы махуи дэмыкІыу гъащІэм къысхуигъуэва упщІэ куэдым я жэуапхэр абыхэм кьыщызгъуэтащ.

Анатолэ зытетхьыхьэм бгъэдыхьэкІэ щІэщыгъуэ къахуегъуэтыф. УсакІуэхэм я нэхъыбэм, сэ зэрысщІэмкІэ, тхэн къыззэрыщІадзэр я бгъэм къеныкъуэкъуу я гур къезыхуэкІ лъагъуныгъэрщ. УсакІуэм и лирикэ лІыхъужьым лъагъуныгъэ зыхуищІа пщащэр зрамыгъэпщар укІуэдыж. Ар хэт и дыщэщ, хэт и налкъутщ, хэт и налмэсщ, хэт и вагъэущ, хэт и мазэщ, хэт и дыгъэщ, хэт и нэщ, хэт и псэщ, хэт а псори фІыуэ ильагъум зэуэ кІэрелъхьэ. ЖыпІэнурамэ, ахэр и ужь итщ лъагъуныгъэ зыхуащІа пщащэм хужаІэ псалъэ дахэхэмкІэ я лъагъуныгъэм и кууагъым шэч лъэпкъ кьыщІытепхьэжьын зэрыщымыІэр уи фІэщ ящІыну. Пэжу, усакІуэм и зэфІэкІым техуэрауэ ар къызэхъуліи кьызэмыкхъуліи щыІэщ. Псалъэр къызэрыпхуэгъэсэбэпщ, зэрыпхуэгъэлажьэщ... Псори дызэсэжа, куэдым тфІэмыщІэщыгъуэж псалъэ цІуугъэнэхэм хуей тхылъеджэ иджыри щыІэмэ, дауи, ахэр къэгъэсэбэпыпхъэщ. Ауэ апхуэдэ усэ зытх усакІуэм нэгъуэщІ тхэкІи зэрыщыІэр яригъэлъагъуну утыку кьихьам хуэдэщ Бицу Анатолэ.

Сэ сызэрепльымкІэ, Бицум и лъагъуныгъэ зэхуэ адыгэ лириким и фІыпІэщ. УсакІуэм фІыуэ ильагъур куэдщ: анэр, адэр, хуэшыр, шыпхъур, Хэкур, псалъэр зи Хэкур фІыуэ зыльагъу цІыхур, ар къэзыухъуреихь дуней дахэр, псэущхьэхэр... Дэтхэнэм, сытым и цІэр кьыпІуэн! Куэд мэхъу ахэр. Сыт зытеллъэ мыхъур, жьыІэмэ... ЦІыху гу щІыЗэхэрщ, цІыху гунэфхэрщ. Сыт щхьэкІэ жьыІэмэ, цІыхур насыпыфІэ хъун щхьэкІэ зыхуейр икъукІэ мащІэщ.

Нэхъыщхьэр, уэ нэмыщІ, гулъытэ хуей цІыху дунейм зэрытетыр пщІэнырщ, дэтхэнэ зы цІыхури уи щхьэм еплъытыныр. Дунейр нобэ щимыухкІэ, зыгуэрым ухуэныкъуэми ягъэ кІынкъым:

Хъунущ упсэу гу лъымытэу
Зэрыахъшэншэр уи жьыпІр,
Уи унэм зэрыщІэмытым
Жьылэр зэхъуапсэ хьэпшыпхэр.

Ауэ кьыпфІэмыІуэху щымыІэу дунейм утетыныр гуауэшхуэщ - ар цІыхугъэми адыгагъэми кьезэгъыркъым:

Гъунэгъур щохьэ гъунэгъум,
ЛъэпкъитІ зэщыхьэм - ар зауэщ...
А псоми унгу иримыгъым -
Дунейм утеткъым упсэууэ.

Мы тхыгъэ кІэщІыр щыстхым, сэ си пщэ дэслъхьэжакъым усакІуэшхуэ Бицу Анатолэ и творчествэр кууэ зэпкърыхьыну. Апхуэдэ мурад сщІами, си зэфІэкІыр пэмылъэщынкІи хъунт. Си гум илъар зыщ: Бицу Анатолэ и усэ гъэпсыкІэр, и хьэтІыр нэгъуэщІым ейм зэремыщхьыр, абы и усэхэм езым яхуидыжа «фащэ» къекІу зэращыгъыр къэзгъэльэгъуэнырщ. Си литературэ щІэныгъэлІхэм абы и творчествэр куууэ яджу бэкІэ дызыщыгуфІ ди щІэблэм дерсу бгъэдалъхьэжьын хуейщ.

ТЭТРОКЪУЭ Астемыр,
журналист.

Си гугъэр бланэ жэрым тож 70

Гъэщlэгъуэнщ усэ зытхымрэ абы еджэмрэ я зэхущытыкlэр. Пщыхуркъым ар, уи псэлъэгъууи щытакъым, ауэ уи гъащlэм къыдекlуэкlам къыбжимыlэфа къыпхуеlуатэ, уегъэгушхуэ, уи бампlэр пщхьэщех, уи гупсысэр усэ сатырхэу зэгъэзэхуауэ, зэгъэуlуауэ тыгъэ къыпхуещlыж...

«Сэ си усэр псэрыщlщ»

ЗЭМАНЫМ гуэзжь ищlауэ тхылъ цlыкlу сиlэщ, сэ сигу ирихь усэхэр истхауэ.

«Зэфlэптхъыжауэ си письмоуэ хъуар,
Уеуэзлlауэ хьэхум щибгъэсхьэжым,
Къыхэскlыкlауэ уи гур,
Си псэ, пщlэжрэ?

Мыпхуэдэ сатырхэмкlэ къыщlидзэ усэр зымыщlэ филологием хуеджэхэм къытхэтагъэнукъым. Абы щыгъуэм ди насыпт, усэфl къытlэрыхьам ди ныбжьэгъуэм я тхылъ цlыкlуэхэм иредгъэтхэну дыхуэпlащlэрт. Иджы жьи телефонщ, машинэ дахэщ, зыщагъэпсэхуа щыпlащ, щы-гъынщ пщащэхэм я напlцlэм тельыр. Дэрэ, хьэмэрэ иджырейхэра нэхъ насыпыфlэр? Зыри быуэкъуэдий хъунукъым - фэкlэ дыз-зэрызымыщхьым хуэдэщ псэм къилъы-хъуэмкlэ дызэрызэтемыхуэри. Си щхьэкlэ согуфlэ усэ щызэlэпахыу щыта 80 гъэхэм си щlалэгъуэр зэрыхиубыдам папщlэ.

Усакlуэм и Іуэхур Іуэхушхуэщ. Ялэрауэ, абы и гъащlэр зытеухуа усыгъэр къэзы-лъыхъуэр апхуэдэу куэд хъуркъым. Етlуа-нэрауэ, а укъзэлъыхъуэм игу удыхьэн папщlэ «къащlэ иlэщ» жыхуаlэм ухуэдэн хуейщ. А «къащlэ» хъужыр акъылымрэ щlэныгъэмрэщ. Ещанэрауэ, усакlуэр Пэ-жьымрэ Дахагъэмрэ къытхуагъакlуэ гъуощ. Еплlанэрауэ, Пэжьымрэ тепщэгъуэр зылъы-самрэ щызэгурыlуа зэи къэхъуакъым. Дауэ укъелыну а псом?

Къемыли щыlэщ: Пушкин, Лермон-тов, Есенин, Маяковский, Щоджэнцыкlу Алий, Нало Жансэхъу - сыту кlыхьыщэу къебджэкlыфрыну. Іэмал имыlэу щытхъым усакlуэм и гум фоч тумыубыдэнкlэ. Ар псалъэми иукlынущ, абы и мыхьэнэр къыгу-роlуэри.

Жаlэж 1830 гъэм и бадзэуэгъуэм Фран-джым щекlуэкlа революцэм щхьэхуи-тыныгъэ къахуихьауэ я гугъэу ехъуэпса Пушкин, Вяземский сымэ я тхыгъэ «Литературная газета»-м кьытезыдза Дель-виг жандармхэм я корпусым и унафэщl Бенкендорф ириджэу къытекlияуэ, «уэри уи ныбжьэгъуэри Сыбырым фыщыгъэ-кlуэдынщ» къыжриlауэ. Дельвиг едэlуащ абы лыгъэ зэрыхэлъри, и щхьэм пщlэ зэрыхуищlыжри и нэгум кьищу, ауэ жан-дармхэм я унафэщlыр къызэрытекlияр, и пщlэр зэрыхиутар хуэмышэчу, плъыржьэру сымаджэ хъуащ икlи мазищ хуэдизщ зэ-рыпсэужар.

Сыт хуэдэ зэманра усакlуэхэм яхуэфlар? Сэ сщlэркъым апхуэдэ щыlауэ, итlани, дэ тхужьмыlэр метафорэхэмкlэ щlэуфауэ е нэр изыщl пэжагъкlэ гъэпсауэ зытхар ма-щlэкъым.

Бицу Анатолэ и усэхэр сигу щыщхьыхьм и зы щхьэусыгъуэщ ахэр метафорэкlэ зэрымыкудар. Абы и усэхэр прозэм, публицистикэм хуэдэу гурыlуэгъуэщ, и гупсысэр щэщlащ, къиуэтэну зыхуейм уришэлlэхукlэ укъимыутlыпщу. Псынщlэу зызыхъуэж, цlыхухэм я гур изыуд къэхъу-къащlэхэмкlэ егъэлеяуэ гъэнщlа ди зэмам-ма я усэхэр къозэгъ. Къызгуроlуэ: усы-гъэр щыщlыжьыр усыгъэрауэ жызыlэм ар идэнукъым. Сэ нэхъ сфlэкъабылыр усы-гъэм къалэн гуэр игъэзэщlэныщ цlыхум гъэсэныгъэ, щlэныгъэ, гулъытэ хэлъыным теухуауэ.

Цlыхум зыкlи зихъуэжакъым (и щыгъын, зыщlэж унэ, зэрыс машинэ, н.къ. Іуэхум хэмыту деплъмэ). Ар хуейщ гулъытэ, лъа-гъуныгъэ, захуагъэ. А дызыльыхъуэмрэ ди зэманым къыдитыфымрэ щызэтемыхуэр нэхъыбэщи, ди щхьэм мыгъуагъэ худо-хьыж, ди насыпыншагъэхэмкlэ къуаншэу къэтлъытэжэм губгъэн яхдощl. Апхуэдэ дах-ликъэхэм, Бещтокъуэ Хьэбас зэритхы-гъащи, дунейм укъыгуэщтауэ къыщыпl-щыхъум, цlыхум зэжэлlэн къелъыхъуэ: хэт паркыр и гугъэпсэхущ, хэти и ныбжьэгъум и щхьэр ирехьэлlэ, хэти уэх тхылъ кьещ-тэ, хэти Іэщэ кьещтэ революцэ ищlыну. Ауэ псори аргуэру дызэзэшэлlэж щыlэщ - цlыхугъэ.

А цlыхугъэращ Бицум зытригъаlщlэр. Ещlэ, цlыхугъэр Іэщlыб зэрытщlу, революцэ мыухыж дызэрыхъэхуэр.

Сыт Анатолэ зыгъэгъэзаэр? Адэ-анэмрэ бынымрэ я зэхущытыкlэм, анэдэлъхуб-зэр къызэрытфlэIуэху-къызэрытфlэмы-Іуэхум, ди кэралымрэ дунеймрэ къыщlыхъу-къыщlыщlэр, ахэр къызэрыгуэкl цlыхум къызэрыжьэхэуэ щlыкlэр, фIыуэ тлъагъуэхэмрэ дыкъзэзылъагъуэхэмрэ ягу зэрытхъумэфыр - куэд мэхъу Анатолэ къытхуиlуатэр. Литературэр, къащlтэ-мэ, усыгъэм и къарур Іейм текlуэу щы-тамэ, ди дунейр нэгъуэщlынут, ауэ а «темыкlуэри» димыlэжмэ, зэрыхьэрий дыхъупэнукъэ?

Бзэм и хъулеягъыр усыгъэмрэ псалъэжьхэмрэ хуэдэу зыхозыгъащlэ щыlэу къыщlэкlынкъым. Анатолэ и усэхэр абы и щыхьэтщ. Ауэ узыпэмыплъагъэххэщ бзэм теухуауэ жиlэр:

«Си анэдэлъхубзэ -
Си сабий сымаджэ».

Истамбыл щыlэу итхауэ щытащ мы усэр, Кьардэн Дурие тыгъэ хуищlу. Усакlуэм кьанэ щымыlэу зыхищlащ адыгэ хэхэсхэм я анэдэлъхубзэм къыщыщlар. Ар абы са-бий сымаджэм иригъэщхьащ. Адэ-анэм я гум щыщlэр къыlуэтэгъуейщ, я сабийр сымаджэмэ. Бзэри мис апхуэдабзэут зы-хэтщlэн зэрыхуейр. Сабийр сымаджэмэ, дохутыр жыпlэнщ. Анэдэлъхубзэм гулъы-тэ имыгъуэтыжу сымаджэмэ-щэ? Анатоло бзэмрэ сабийрэ зэрызэригъэпщам щыlэ гупсысэр уи псэм пхокl. Дунейм нэхъ лъапlэу тетыр зэрипхащ, зыгуэр кьыдгурыlуэххэнумэ.

Усакlуэм анэмрэ сабийрэ зэрызы-хищlэм и кууагъэр Анатолэ къыззри-Іуатэр зы усэкъым-уситlкъым. Ауэ «Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ», «Гущэкъу уэрэд» жыхуиlэхэр гъуэззэджэщ. Ахэр пхъу, анэ гумащlэхэм я псалъэщ, я дунейщ, цlы-хухьу-усакlуэм а щабагъэр щызыхищlар уэ къащlэ!

Анатолэ и лъагъуныгъэ усэхэр къащти, «Кьосыр уэс...» жыхуиlэр дуней псом нэхьы-фlу кьышащlыта лъагъуныгъэ лириким и зы налъэу зэрыщцытым шэч хэлъкъым.

Къосыр уэс...
Къос, жьыбгъэм кърихьэкlыу,
Щащэу, щабэу...
Щlылъэ псор еуфэбгъу.
Сэ уэращ,
Уэ зырщ сигу нобэ къэкlар -
Уэ къщесыр уэсыр
Фlыуэ плъагъут.

Усакlуэм и хъуэхьри и гупсысэри нэ-гъуэщlи зэрыхуейм, цlыхур кlыхьы зы-тепсэлъыхьынкlэ хъунур къузауэ, ауэ укъыз-деджэм къызэрылъэлъу, зэтепщlыкlыу гъэпса усэрщ телъыджэ къыщlыхъур. Ар апхуэдизкlэ «пкъузын», уи гурыщlэм шыlэ хэлъу утепсэлъыхьыкlэ щхьэкlэ сыт хуэдэу зыхэпщlауэ щытын хуей а лъагъуныгъэр! Композитор Хьэлуп Джэбрэил абы макъа-мэ щlилъхьэжри, уаэхъташъ гуэр кьыззда-гъэщlауэ къыщlакlащ.

Сэ нэхъ сигу ирихь усэхэм ящыщщ «Вын-дым и монолог» зыфlищар.

Ди дунейр, ди зэхэтыкlэр, зэхущытыкlэр зэрызыхищlэмрэ ар къызэрИуэтэж щыкlэм философиеу щlэлъымрэ апхуэдизкlэ куущ, гъэщlэгъуэнщ, псэм къыпэджэж гуэрщи, ар зыхуэфlэкlа Анатолэ хуэдэ усакlуэ дызэриlэм сигу хегъахьуэ.

Нэгъуэщlи зы усэ гуэрым щыжеlэ мып-хуэдэу:

«ФлъэкIынум тIэкIу сщхьщифх
си хьэлъэр», -
ЖызыIэу дунейм тетыр куэдщ.

Сыту пэж ар! Гъащlэм зэlумыбз куэд хэтщ, хьарур щlихыу, псэм къеныкъуэ-къуу. Абыхэм ящыщ зыщ бын мыдаlуэм адэ-анэр зыхагъэт бэлыхьыр. Зы зэмани къэхъуагъэнкъым нэхъыжьхэр щlэблэм-кlэ щыарэза, езыхэм яхэлъа гъэсэныгъэм хуэдэ дамылъагъужу, нэхъ хуэмыхуэу къалъытэу щемыхъурджэуа. Ди зэма-ным щlэблэр делэнумэ, сытри щыlэщ: фадэ, тутын, афиян, ди щlалэгъуалэм я узыншагъэр къызыщlанэ шхапlэ-ефа-пlэ бжыгъэншэхэр, лэжьапlэншагъэр, щlэныгъэншагъэр, нэгъуэщl лъэпкъхэм я хьэл-щэну, дуней тетыкlэу, зыхуэпкlэу, гупсысэхэу къапхуэтар. А псомкlэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, къуаншэр дэращ, нэхъыжьхэрщ. Ауэ Іэмал къызыхуумы-гъуэтыххэ быныи къахокl. Иужьрей илъэс 20-м дэ щlалэгъуалэу тфlэкlуэдамрэ абы-хэм я адэ-анэхэм къагуlамрэ теухуа усэ гъуэзэджэм гу лъывзэгъэтэнут. Мыр усэб-зэкlэ тха щхьэкlэ, публицистикэщ. Литера-турэм кlэлъымыплъыщэ нанэхэм гъыбзэ ягурэнри хэлъщ. Куэдым я гурыгъуэзыр зыхэзыщlэ усакlуэ набдзэгубдзаплъэм и Іэдакъэщlэкlщ ар. Сыегъэджакlуэтэмэ, етхуанэ-епщыкlузанэ классхэм щlэсхэм я дерсхэм а усэр хэзгъэхьэнт: адэ-анэр зэыхуэпlэ, узыгъашхэ къудейкъым - ар куэдкlэ нэхъ лъапlэщ. Щlэблэм ар къа-гурыбгъэIуэн папщlэ, къытебгъэзэжурэ утепсэлъыхьын хуейщ.

Усакlуэр щытхъэусыхэ, уеблэмэ и щхьэм мыгъуагъэ щыхуихьыж кьохъу, «хэт мы стхым хуэныкъуэр» жиlэу. А гупсысэр Анатолэ къызэрытехьэлъэм и щыхьэтщ «Зытхыр усэ ихьыжынуц усэм» щыжи-lэкlэ. Ауэ щlогъуэжри, усэмрэ псэмрэ зэрызэпхар, абы цlыхур зэрыхуэныкъуэр нэгъуэщl сатырхэмкlэ къеlуатэ. Быным унэшхуэ яхуэзыщlымрэ езымрэ я дунейр зэрегъапщэри:

«Уэ уи унэр Іэрыщlмэ,
Сэ си усэр псэрыщlщ, -

жеlэ. Аращ къызэрыщlэздзари: псэр гужьеигъуэ щихуэкlэ, нэм къилъыхъуэ тхылъхэр тыгъэ къытхуэзыщlа Анатолэ фIыщlэ хузощl.

ШИРДИЙ Маринэ.

Бицу Анатолэ и тхыгъэхэр

* * *

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Ухэтми дэпым -
Уэ зэщlэувыныкl.
Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Ажалу щытми къожьэр -
Къызэплъэкl.

Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Сэр ныкъуэкъихмэ сампIэм -
Ар илъхьэж.
Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,
Шэ бутIыпщам -
Лъэщlыхьи кьегъэгъэзэж...

МафIэс, къурш лъалъэ,
Дунейр зыхьыж псыдзэ... -
Щымыlэ, сянэ, сэ сызыубыдын,
Щызэхэсхам кьыбжьэдэкlауэ си цlэ.
Ар схулъэкlынщ сэ,
Сэ - уэ сурибынщ!

Ауэ сыныщожалlэм щтэlэщтаблэу,
Дапщэщи хуэдэу, къызжеlэ къудей:
«Сигу укъэкlауэ арат тlэкlу, си щlалэ...» -
ГуфIэгъуэм си псэр хэткlухьынщ абдей.

Семыжьэ Іей.
Ди Тхьэшхуэм имыухкlэ
Къэхъуну яужь дыдэ сыщебджэж!
Итlани быдэу зызогъэlущыж:
Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ -
И пащхьэм, псынщlэу нэси,
Сыну щыж!

* * *

Сымыгупсысэу сыщыпсалъэ,
Зызмыплъыхьауэ сыщыгIыс
Сэ къысхуихуами сыщыщlалэм,
Сыхъуа хъунщ нобэ нэхъ зэтес.

Зызгъэгубзыгъэу абы къикlкъым,
Зызгъэбалигъыу аркъудейщ.
Дыгъуасэм сызэреплъа нэкlэ
Семыплъ си нобэм, си пщэдейм.

Сэ сиплъэрейщ иджы уэгу лъащlэм,
Гумащlэу щlыр къэсплъыхьырейщ.
Си нэпс нэхъыбэрэ сольэщlыр,
Сыт сщlэнур - кхъэхэм сихьэрейщ.

Сыхъуапсэ мыхъумэ, сымыфыгъуэ,
Сегугъуу, си щхьэ Іэху сощlэж.
Ныбжьэгъум къехъулIамэ фIыгъуэ -
Сохуэхъэхури, Іэпли хузощlыж.

Ирей ар хамэм, ирей благъэм,
Я гуауэр цlыхум си псэм телъщ.

Псом япэ изогъэщ гуапагъэр,
Куэд зыгъэвахэм ар я хьэщ.

Егъэлеяуэ сымыхъущlэ,
Си фIыщlэ хэти лъэмыгъэс.
Си къалэмыпэри нэхъ кlащхъэу
Тхылъымпlэ напэм хъуащ лъэIэс.

И шыгъур гъащlэм сшхащ сэ путкlэ,
И фоми си гур къиуIэнщ.
Зыкъомкlэ сымыпlащlэ пэтми,
СопlащlэI - сиIэщи жысIэн.

Сыхоплъэ лIыжь жьакlэху хэплъэкlэу,
Сабийуи Іупэр сфIызэтож...
Сэ есхуIами си бжьыхьэкlэм,
Си гугъэр бланэ жэрым тож.

Гущэкъу уэрэд

Я нэхъ махуэ бзыгъэр
Зыпэзгъаплъэ,
Я нэхъ жэщ мамырыр
Зи пlэщхьагъ,
Укъыщlыхьэскlыкlыр сыт,
Си щlалэ?
Щхьэ ухъуа ныжэбэ уемызэгъ?

Мазэ тхъуэплъырщ
Щхьэгъубжэм къыдэплъыр,
Іэуэльауэр мащlэу -
Блын сыхьэтщ.
Ущхэхъуи зыгуэркlэ щтэlэщтаблэ
Іэгъуэблагъэм
Къыщыщхуэмыгъуэт.

Аддэ губгъуэрщ
Къыщакlухьыр щхъуэжьхэм,
Аддэ мэзырщ
Къыщыдджэр жьынду.
Щы Іэщ ахэр
Апхуэдизкlи жыжьэ -
Пщlэнкъым тетхэу дунейм
Иджыпсту.

Сыт, си щlалэ,
Укъыщlыхьэскlыкlыр?
Хэт зылъэкlыр уи жейм къедыгъуэн?
Ялэлъэщ
Пщlыхь Іейуэ плъагъухэм зэкlэ,
Адкlэ,
Лы ухъунщи,
Зыгуэр хъунщ.

Жей, си нэ фIыщlэ,
Жей, си нэ пIащэ,
Гъащlэм и гугъуехьу хъуам
Текlуэн.
Жей, си нэ пIащэ,
Жей, си нэ фIыщlэ,
Зи щlэр фIыкlэ
Мы дунейм теIуэн!

Гъэ еджэгъуэщlэм и кlэм курыт школ-хэр литературэ зэхьэзэхуэ гуэркlэ куейм дыщызэхашат. МыпIащlэурэ къызэщlэу-фIыщlэщ, шэджагъуэхуэкlуэу зихъу-зилъ-ри, щыблэшхуэкlэ зэщlэчэ уафэгъуагъуэ уэшхыу зыкърикlуташ уафэ уэндэгъум. Дызэрыс стадионым и тетIысхьэпIэхэр нэщl хъууэ хуежьат уафэр лэгъупыкъу куэ-щым зигъафIэу къыщигъуэлъхьажам.

- ЗЫРИ зэхэпхьжыркъэ?! - кьаджэм, и Іэ-и лъэ ищlурэ, си классэгъу щlалэ цlыкlу тхылъ щхъуантIэ гуэр иБыгъуу къызбгъэ-дохьэ. - Мис уи япэ увыпIэр, уэ жьжьэ ущыlэти, сэ...

Тхылъ бгъуэз щхъуантIафэр зэпызо-плъыхь: Бицу Анатолэ «Гуэл щхъуантIэ». (Иджыри си анэм зэрехьэ а тхылъыр). ЗэрысауГъэтыр гурыIуэгъуэ ищlу, жинт кlуэцlымкlэ псалъэ зы-тIу тратхэжащ. На-пэкlуэцlхэлъи сымыщlу, «Гуэл щхъуан-тIэр» къыззгъэж. Зи усэ гуэрхэм а зэманми сыхуэмыкамэт мыр, ауэ тхылъым ихуэхэм сариплъа нэужь, а машIэри къыслкъры-хьэпащ хуэшу... Дахагъэм кьигъэщlэ те-лъыджэ кlэуэлъншэри, тельыджэхэм уб-зэ зэпытурэ къапхьпс укlытэри, укlытэу щыIэм Іущащэурэ хьапекlуэкl гущlагъщlэлъри щызэщlэшаесэрт усакlуэм зэхишэ дунейм. Псалъэ къызэрыгуэкlхэмкlэ къызэрытIэ-тыкlырт псэ хьэхум и дуней лъащlэр. А дунейр и плъэфабгъакlэ кьыпикlуэрттэ-къым а дакъикъэхэм уафэ бынжэр Іупэ жьэражьэхэмкlэ зэпэзыкlухь лэгъупыкъу зыкъизыхьым...

Жаlэ хабзэщ «бзэ къулей иlэщ, и бзэр дахэщ». Пэжкъым ар! Апхуэдэ жаlэркъым усакlуэм щхьэкlэ. Уэри сэри дызэрызэп-салъэ бзэ дыдэрщ абыи Іурылъыр, зыри щlэуэ кьигупсысыркъым. Абы иlэ «дахэм» зэреджэм фыхуеймэ: Псэщ. Псэ дахэщ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, псэм и тезырщ.

А лэгъупыкъум лъандэрэ гъащlи къэзз-гъэщlаи, Бицу Анатолэ и уэрэди Іэджэрэ къэIуаи. Ауэ а теплъэгъуэм пэсщlыфьи зэщ щысулъэгъуар. Ар сыегъэджакlуэну къэщlысхуихуаи си еханэ кlасссым щыщ щlалэ цlыкlум псэри гурИ къызэщlи-гъаплъэу: «Сыту пасэу жьы ухъуа уэ, мамэ...» Бицу Анатолэ и усэ сатырым къе-джэу сыщыIуплъарщ. Сабий дыдэт ар, ауэ усэр псэкlэ зыхищlэщати, щыжиlэкlэ езы цlыкlум игу къызэрIэнэжьырт. Сегупсы-сащ «Тобэ ирехьуи, шэху уэздыгъэ закъуэу жэщ жьыззэпихум щыкlуэщl псэр, Бицу-усакlуэм и псэ зэIухар, мы сабийм куэдкlэ ещхьыщэт». ЛантIэщ а псэр здыщыгуфIэ дунейр - уэс хужьу, удз къэгъэгъэу, ды-гъэ нэпсу ар зэпощэщ. ПIасхъэщ а псэр здэщыпыхьэ дунейр - анэм и джэ макъ жьжьэу, адэм и уэсят псалъэу, адэм и шы лъэ макъыу ар зэподжэж. ГущlэгъУ хуэны-къуэщ а псэр здэщыгугъэ дунейр - гъусэ пэжым и псэ пIалъэрэ къуэ закъуэм и гуры-гъуэ-гузасэкlэ ар зэщджэ.

Усакlуэм и псэр жьжьэ хоплъызэ... Ар бынщи - мэгушхуэ. Ар псэгъущи - мэ-хьуапсэ. Ар адэщи – мэхьащlэ. А уэрэдым макъыбзу зиIэтыху, и псэр зэпоткlукl шэку-вэ мыткlуэсу. Телъыджэщ а макъамэр. Ар щыкlафIэу щхьэщосыкl дахагъэм иIэ Іулыджыр щыIэслъэс дуней Іэрыщlым. Кьабзащэщ а дахагъэр. Абы и купсэр сабий нэ кугъуэу гуэныкъыншэщ. Уахътынщэщ апхуэдэ кьабзагъэр. Ар хъуапсэрилэу мэкIуаеэ лэгъупыкъу лъахэм.

КЪАРМЭ Іэсият,
усакlуэ.

Бицу Анатолэ, Хьэфыщlэ Мухьэмэд, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и япэ секретарь, урыс усакlуэ щlэрыIуэ Ляпин Игорь. *1992 гъэ*

И ныбжьэгъу усакlуэхэр и гъусэу Налшык паркым зыщегъэпсэху. *1983 гъэ*

Бицу Анатолэ, Гъубжокъуэ Лиуан, КIэщт Мухьэз сымэ. *1980 гъэ*

Ацкъан Руслан и деж къеблэгъащ Бицу Анатолэрэ Иорданием щыщ аспирант ДыщэкI Фатхьийрэ. *1979 гъэ*

Фэеплъ сурэт. *1982 гъэ*

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щылажьэ гуп: **Моттаевэ Светланэ, Бицу Анатолэ, Шэджыхьэщlэ Тамарэ, Хьэфыщlэ Мухьэмэд, щысыр Къэжэр Пётрщ.** *1979 гъэ*

Рио-де-Жанейрэ докIуэ!

● Олимпиадэ

Урысей Федерацэм и Олимп комитетым и унафэщI Жуков Александррэ МОК-м и президент Бах Томасрэ зыкъомкIэ я фIыгъэщ ди къэралыр Рио-де-Жанейрэ зэрыкIуэр.

Вэсэмахуэ Дунейпсо Олимп комитетым (МОК) ищIа унафэм куэдкIэ елытыгъ спортым дяпэкIэ зэрызиужьыну щIыкIэм. Араущ дытемыпытIэу абы дыщIыпэплъар. Урысей спортсмен куэд допинг зрахьэлIэуэрэ екъулIэныгъэ инхэр зыIэрагъэхьауэ къыщIагъэщами, дызыхэкIуэ гъэмахуэ Олимп джэгухэм ди къэралыр хэтыну хуит ящIащ. Пэжщ, псоми апхуэдэ Iэмал ягъутынукъым - Рио-де-Жанейрэ ягъэкIуэнур допинг къагъэсэбэпуэ зэи ямыубыдахэрщ. Апхуэдэ унафэт дэри дызыпэплъар.

АДРЕЙ Олимпиадэхэми хуэдэнущ Бразилием щекIуэкIынур. АрщхьэкIэ абы и жьы щIыIэ къыщIихуащ Урысей спортсменхэм я Iэхум. Ди къэралым Рио-де-Жанейрэ игъэкIуэнхэм яхэщIащ атлетикэ псынщIэм хэт щIыхь 68-рэ. Жагъуэ зэрыкъущи, къыхагъэкIаxэм хиубыдащ лъагэу дэпъеиныкIэ тIэунейрэ дунейпсо чемпион ди лъэхэгъу Кучинэ Марие. Абы езым лажьэ имыIами, адрейхэм здахьащ. Псори зэгъусэу Олимпиадэм кIэну зыпаубыдар Урысейм атлетикэ псынщIэмкIэ я спортменхэм я закъуэщ. Щхьэусыгъуэр - иужьу къапщыта щIыху 62-м ящыщу 59-м допинг къагъэсэбэпауэ къыззрыщIэщарц. Адрей спорт лIэужьыгъуэхэм я федерацэхэм езыхэм зэхагъэхьижынущ хэт къабзэми, хэт зэгуэр япэщIэхуауэ щытауэ, къыхэдзыпхъэми. Къищынэмыщ1ауэ, Рио-де-Жанейрэ ягъэкIуэнукъым Урысей Федерацэм СпортымкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэмрэ, Мутко Виталий я пашэу, допингыр щIэзыуфауэ зыхуаГэофащэ нэгъуэщI ди къулыкъущIэхэмрэ.

Апхуэдэу щыт пэтми, Дунейпсо Олимп комитетыр ди къэралым щабэу къыбгъэдыхьащ. Абы Iэмал псори иIащ Урысейр зэрыщыту дунейпсо зэхьэзэхуэхэм илъэс зыбжанэкIэ къыхигъэкIыну. АрщхьэкIэ апхуэдэу ищIакъым икIи абыкIэ фIыщIэр зейр МОК-м и президент Бах Томасщ. Нэхъ щхьэпщтыхрэр зэрыгъэупщIыIуфын акъыл а лIым къыкъуэкIащ икIи «олимп унагъуэр» ихъумэфащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ лажьэ зимыIэхэм я нэхъыбэм Iэмал ягъуэтыжащ мыгувэу къызэIуахыну гъэмахуэ Олимп джэгухэми, нэгъуэщI зэпеуэ инхэми хэтыну. АдэкIэ псори зэлъытыжар ди спортсменхэмрэ тренерхэмрэщ. Зыхэта бэлыхь къомыр абыхэм дерс яхуэхъун хуейщ.

Къыззрыхэдгъэщащи, ди спортсменхэр Олимпиадэм кIуэнуми-мыкIуэнуми иджы зыхэзыгъэкIынур ахэр зыхьэхьэ федерацэхэращ. Абы и лъэныкъуэкIэ Махуэ Билал, Джэду Iэниуар (тIури бэнэкIэ хуитымкIэ зэпеуэхэм хэтынущ), Мудрэн Беслъэн (дзюдо) сымэ лъэпощхьэпо яIэн хуейкъым, ахэр зэи допингг Iэхэугъуэхэм къыщыхэщакъыми. Къыщалъхуа хэкур, щIыпIэр, къызыхэкIа лъэпкъыр ягъэгушхуэу а адыгэ щIалэхэр Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIынну Олимп джэгухэм зэрыхэтынум шэч кьытетхьэркъым. Мыгувэу ахэр Бразилием кIуэну ежьэнущи, гъэгу махуэ яжьдоIэ!

ХЬЭТАУ Ислъам.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Сокол» (Саратов) - 1:1 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэгъуэм и 23-м. ЦIыху 2000 еплъащ.

Судьяхэр Егоров (Саранск), Чельцов, Болотенков (тIури Мэзкуу щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мурачёв, Мэкъуауэ, Соблыр, Дашаев, Дроздов, Багъэтыр (Балъкъэр, 63),Ахриев (Каркаев, 72), Войнов (Крамаренкэ, 67), Бажэ (Мухьэммэд, 85), Гугуев.

«Сокол»: Фёдоров, Ходырев, Магадиев, Климов, Васянович (Семёнов, 76), Дудолев (Домшинский, 59), Романенкэ, Пащты, Дергачёв (Перчёнок, 71), Мануковский (Хрущёв, 59), Галыш.

Топхэр дагъэкIащ: Ахриевым, 29 (1:0). Галыш, 90+4 (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ Галыш, Дергачёвым, Соблырым.

ЯПЭ дивизионым щрагъэкIуэкIа пэщIадзэ джэгугъуитIым зы топи щыдзэзымыгъэкIыфа икIи зи щытемыкIуэфа «Спартак-Налшыкым» ехъулIэныгъэ зыIэригъэхьэну хуабжьу щIэхъуэгъуэ щдэбгъэщ щыIа зэIуцIэр иригъэжьащ. Я хьэрхуэрэгъури узыпэмылъэщIынхэм яхьихьэртэкъым - «Сокол»-ми зы очко закъуэ иIэу арат икIи мылъкукIэ и Iэхуэхэр зэрымыщIагъуэм къыхэкIыу зигъэлъэшыну Iэмал иIатэкъым.

Налшыкдзэхэм хуабжьу жыджэру ирагъэжьащ. Ахэр къаруушхуэкIэебгъэрыкIуэрт икIи зэм зы лъэныкъуэмкIэ, зэм адрейм кIэ къыщыщIидзурэ хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэхэр ягъунудрагъэкIуат. «Сокол»-м и футболистхэр ди щIалэхэм зыкъомкIэ къаззрыпикIуэтыр ялэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ наIуэ хъуат. ПэщIадзэ дакъикъэ пщыкIутхум Гугуев Магомед и закъуэ тIэунейрэ саратовдэсхэр игъэгужьеяц, арщхьэкIэ ар зэуа топыр зэм гъуащхьэм техуауэ, адрейм зымащIэкIэ щхьэпэрыкIащ. Мыгувэу бжьыгъэ къызэIуха хъуащ: Гугуевым сэмэгумкIэ къыщыхита топырАхриев Хьэсэн гъуэм дахэу дигъэкIащ. Ялэ дивизионым зэрригъэзэжрэ «Спартак-Налшыкым» ар и ялэ ехъулIэныгъэт.

Бжьыгъэр къызэIуаха иужькIи, налшыкдзэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр нэхъ кIащхьэ ящIакъым. КъыхэжаныкIын папщIэ абыхэм Iэмал зыбжанэ яIац. АрщхьэкIэ ар яхуэзэфIэмыкIауэ загъэпэсхуну икIащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэр нэхъ хуэму екIуэкIащ. ТекIуэныгъэр къыхуэзыхь бжьыгъэр ихъумэну «Спартак-Налшыкыр» зэрыхуущIэкъур нэрылъагъут. «Сокол»-ми хэгъэрейхэм зэратегуплIэн къару иIэтэкъым. Апхуэдэурэ зыкъомрэ екIуэкIащ. ЗэIущIэм и Iыхьэ планэм фIэкIа къыщымынэжьым тренерхэм футболистхэр яхуэзыку хуежьащ. Дыдейхэм нэхъ тегъэщIапIэ ящIар зыхъумэжьыныгъэращ, саратовдэсхэр ебгъэрыкIуэн хуейт.

ЗэIуущIэм кърикIуар щыгъэкIар абы къыщIагъуэ зэманыр щиух дыдэращ. Зы очко нэхъ мыхъуми къраГэлъыну зизыча саратовдэсхэм угловой къыхатэну Iэмал ягъуэтащ. Ар ягъэзэщIа иужькIэ футболистхэр зэныкъуэкъуурэ зэхэукIуриежащ. Судьяр абыхэм яхэплъэри, метр зытхух фIэкIа ди гъуэм пэмыжьжьэу штрафной къуэун хуейуэ иукъуэдиящ. Ар пенальтим нэхърэ нэхъ Iеижт.

«Спартак-Налшыкым» и футболист псори я гъуэм дзувэжащ. АрщхьэкIэ «Сокол»-м и гъуащхьауэ Галыш Виталий и къару къыззэрихькIэ еуэри, а «блыныр кIуэцIрихащ» - 1:1. Жагъуэгъ апхуэдэ щIыкIэкIэ текIуэныгъэр зыIэщIэбгъэкIыну.

Иджы фыщIидгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и ялэ дивизионым щызэхэта етIуанэ джэгугъуэм къарикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Динамо»** (Мэзкуу) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **3:1**, **«Балтика»** (Калининград) - **«Енисей»** (Красноярск) - **0:1**, **«Зенит-2»** (Санкт-Петербург) - **«Тюмень»** (Тюмень) - **1:0**, **«Волгарь»** (Астрахань) - **«Шинник»** (Ярославль) - **2:0**, **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **«Факел»** (Воронеж) - **0:2**, **«Спартак-2»** (Мэзкуу) - **«Кубань»** (Краснодар) - **1:0**, **«Тосно»** (Тоснэ) - **«Мордовия»** (Саранск) - **1:0**, **«Тамбов»** (Тамбов) - **«Сибирь»** (Новосибирск) - **3:2**, **«СКА-Хабаровск»** (Хабаровск) - **«Химки»** (Химки) - **1:1**.

ПэщIэдзэ джэгугъуищым яужькIэ ялэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ а псоми щытекIуа Воронеж и «Факел»-м. Абы очкоитKIэ къыкIэроху Мэзкуу и «Динамо»-р я пашэу командитху.

Иджыблагъэ премьерлигэм къыхэкIа Краснодар и «Кубань»-мрэ Саранск и «Мордовия»-мрэ хуабжьу хуэмыхуу ирагъэжьащ. Мордовием и футболистхэр псоми къыщыхагъэщIащ, краснодардэсхэр зыми ятекIуэфакъым. Ахэр, ди щIалэхэм я гъусэу, зэкIэ къыкIэрыхуэм ящыщщ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуитIыр «Спартак-Налшыкым» «Шинник»-мрэ «Тюмень»-мрэ ядригъэкIуэкIынущ. Ди щIалэхэм хьэрхуэрэгъу къьхуэхъунухэм мы зэхьэзэхуэм щрагъэкIуэкIа джэгугъуэ псори ирагъэхьэхуащ икIи тIуми зэхэту зы топ закъуэ дагъэкIауэ аращ. Хэт ищIэн «Спартак-Налшыкри» абыхэм япэлъэщыкIэ хъунщ. ПщэдэйнэхъфIэмыкIыу ар ди нэгу щIэкIынущ - Ярославль къалэм ди щIалэхэр щаIуэщIэнущ щIыпIэ «Шинник»-м. Дыщыгугъынщ екъулIэныгъэхэм я щIэдзапIэ ар хъуну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ялэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командзэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Факел»	3	3	0	0	5-1	9
2. «Динамо»	3	2	1	0	6-1	7
3. «Тамбов»	3	2	1	0	6-3	7
4. «Спартак-2»	3	2	1	0	3-0	7
5. «Зенит-2»	3	2	1	0	4-2	7
6. «Тосно»	3	2	1	0	3-1	7
7. «Волгарь»	3	2	0	1	5-3	6
8. «Балтика»	3	2	0	1	2-1	6
9. «Енисей»	3	1	1	1	1-1	4
10. «Нефтехимик»	3	1	1	1	2-3	4
11. «Луч-Энергия»	3	1	1	1	2-3	4
12. «Химки»	3	0	3	0	2-2	3
13. «Сокол»	3	0	2	1	3-4	2
14. «Кубань»	3	0	2	1	1-2	2
15. «Спартак-Налшык»	3	0	2	1	1-2	2
16. «СКА-Хабаровск»	3	0	2	1	2-4	2
17. «Сибирь»	3	0	1	2	2-4	1
18. «Шинник»	3	0	0	3	1-5	0
19. «Мордовия»	3	0	0	3	0-4	0
20. «Тюмень»	3	0	0	3	0-5	0

ЗыIэщIагъэкIа текIуэныгъэ

Къэжэр Пётр Хьэиб и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ щэнхабзэм хэщIыныгъэ хьэлъэ игъуэтащ - 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м дунеим ехьажащ Къэбэрдей-Балъкъэр литературэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ, усакIуэ хьэлэмэт, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къэжэр Пётр Хьэиб и къуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м хыхьэ Тэрч районым щыщ Арыкъ (Борыкуэй) къуажэм 1935 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м ар къыщалъхуащ. Къэбэрдей- Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь, телевиденэм редактору щыIащ, адэкIэ илъэс 20-м щIигъкIэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щылэжьащ. «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ щытащ.

Къэжэр Пётр тхэн щIидзащ школым щыщIэса илъэсхэм. «Уэсэпс щыгъэ» зыфIища и ялэ уэсэ тхылъыр дунеим къытехьащ 1961 гъэм. Абы къыкIэлыкIуащ «Шыхулъагъуэ», «Джулат щыгум», «Гулытэ», «Хьэзыхрэ», «ГъащIэм и зэман» уэсэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Къэжэрым и усэхэмрэ поэмэхэмрэ ди зэманым, ди лъэхъэнэгъу лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм ятеуухуащ, ахэр хэку лъагъунигъэмрэ цIыхугъэмкIэ зэрыгъэнщIам къыдэкIуэу, гум дыхьэу щабэщ. Сыт хуэдэ Iэхъум тетхыхьми, Къэжэр Пётр и усэр псэм дыхьэу хуабэщ, дахагъэрэ цIыхугъэкIэ гъэнщIащ.

ДяпэкIэ дэ сытым дежи дыхущыщIэнущ абы и гуапагъэм, цIыхугъэм, пэжыгъэм - ар хэхауэ фIыуэ дэзыгъэлъагъуу щыта и хьэл нэхъыфIхэм.

Къэжэр Пётр Хьэиб и къуэр дэ зэи тущыгъупщэнкъым.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я союз.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телекомпанием, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» ООО-м, «КъБР-м и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэхъущIапIэхэм я лэжьыгъэр къыззэзыгъэпэщ комплекс центр» къэрал кIэзонэ Iэхъущ1апIэм я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ, журналист **Къэжэр Пётр Хьэиб и къуэр** зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

● Прохладнэ щIыналъэ

Зэманым декIуэхэр

Пенсэм кIуэхэр компьютерым щыхурагъаджэ Прохладнэ къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм.

ТХЬЭМАХУЭМ щэ абыхэм ядолажьэ Iэхъум фIыуэ зэзыщIыкI егъэджакIуэхэр, программистхэр. Дерсхэр зэрелIуэкI сыхьэтитIым къриубыдэу нэхъыжьхэр хагъэгъуэзэ компьютерым узэрилэжьэну щIыкIэмрэ абыкIэ пхузэфIэхыну Iэхъуэхэмрэ.

Зэрырагъаджэр сыхьэт 24-рэщ, дерсхэр кьызэрахъакIэ дэфтэрхэр иратыж.

Мы гъэм и илъэс ныкъуэм ар хъарзынэу къаухащ Прохладнэ щIыналъэм щыщ цIыху 25-м. ЩIыпIэ администрацэмрэ спонсорхэмрэ я фIыгъэкIэ, ахэр пщIэншэу ирагъэджащ.

Иджыри зы гупыщIэ мы махуэхэм къащтащ. Абыхэм яхэтщ къуажэ пхыдзахэм къикIэхэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гум къиIукI псалъэ

● Фэеплъ

2015 гъэм щакIуэгъуэм и 28-м Лашынкъей къуажэр гуауэшхуэм къызэщIиIэтащ. Къуэныкъуей лъэпкъым я щIалэ щэджащэ Азэмэт и ныбжьыр илъэс 24-рэ иримыкъуауэ дунейм ехьжащ.

АЗЭМЭТ цIыхугъэ ин зыхэлъ, гушыIэ дахэ зыIурылъ щIалэ губзыгъэу щытащ. Жант, къаруугфIэт, теплъэ екIу иIэт, гугуеэхым къыпимыкIуэтт. Хуэфэщэн Iэужь дахэ къызэринэкIащ Азэмэт, зэфIэкIныныгъэшхуэ зиIэт, ауэ ар зызыгъэпагэхэм ящыщтэкъым зищысыр ищIэжу, и хабзэ и нэмыс иIыгъыжу, екIуу гупым яхэтт.

Мызэ-мытIэу спорт зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм текIуэныгъэр кьыщихьат. «Спортым и мастер» щIэ лъапIэр къыхуагъэфэщат. Апхуэдэ лъэрызехьагъэ къыпкъуэкIым папщIэ лIыгъэ пхэлъыныр мащIэщ, абы щхьэкIэ физическэ гъэсэныгъэ лъэщи ухуейщ.

Къуэныкъуей Азэмэт и ныбжьым емылытауэ Iэчлъэт, дунейпсо зэхьэзэхуэхэми екъулIэныгъэхэр къыщихьат.

- Иджырей щIалэгъуалэм апхуэдэхэр зэрахэтым дригушхуэн хуейщ, Къуэныкъуей лъэпкъыр фызэрыпэгэн щIалэу ар щытащ, - жиIащ Азэмэт щылажьэу щыта Урысей Федерацэм и МВД-м щIэныгъэхэр щыхагъахьуэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и унафэщI Щхьэгъэпсо Заурбий.

«ЦIыхур ягу къыззринэжьым хуэдизщ илэжьар зэрыхъур», - жаIэ. А щIалэр ягу къэмыкIыжу зы махуэ къанэрэкъым къыщалъхуа жьилэм, и ныбжьэгъуэхэм, и лэжьэгъуэхэм.

- Азэмэт къызэрытхэмыщIэжрэ гугъу дось, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ зэпызыщIэ къару гуэр хэлът абы, - жаIэ и ныбжьэгъуэхэм.

«ЛIым и ныбжьыр къызэрапщыр ищIэ Iэхъурщ» - жеIэ адыгэм. Лъэпкъым хуэфэщэн Iэужь дахэ къызэринэкIащ Къуэныкъуей Азэмэт. ГъащIэ мащIэ къиргъэщIам абы хуэзфIэкIащ цIыху куэдым я гум фIыкIэ къинэну.

Хабзэм тетыным, щылэжьа лажьапIэм къыхуащI пщIэм, зэман мащIэ фIэкIа щымылэжьами и цIэ фIыкIэ зэриргъэIуам къыхэкIыу 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 13-14-хэм Пашэ цIыху куэдым я гум фIыкIэ къинэну.

Абрамовым и Iыхьэ планэм фIэкIа къыщымынэжьым тренерхэм футболистхэр яхуэзыку хуежьащ. Дыдейхэм нэхъ тегъэщIапIэ ящIар зыхъумэжьыныгъэращ, саратовдэсхэр ебгъэрыкIуэн хуейт.

ЗэIуущIэм кърикIуар щыгъэкIар абы къыщIагъуэ зэманыр щиух дыдэращ. Зы очко нэхъ мыхъуми къраГэлъыну зизыча саратовдэсхэм угловой къыхатэну Iэмал ягъуэтащ. Ар ягъэзэщIа иужькIэ футболистхэр зэныкъуэкъуурэ зэхэукIуриежащ. Судьяр абыхэм яхэплъэри, метр зытхух фIэкIа ди гъуэм пэмыжьжьэу штрафной къуэун хуейуэ иукъуэдиящ. Ар пенальтим нэхърэ нэхъ Iеижт.

«Спартак-Налшыкым» и футболист псори я гъуэм дзувэжащ. АрщхьэкIэ «Сокол»-м и гъуащхьауэ Галыш Виталий и къару къыззэрихькIэ еуэри, а «блыныр кIуэцIрихащ» - 1:1. Жагъуэгъ апхуэдэ щIыкIэкIэ текIуэныгъэр зыIэщIэбгъэкIыну.

Иджы фыщIидгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и ялэ дивизионым щызэхэта етIуанэ джэгугъуэм къарикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Динамо»** (Мэзкуу) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **3:1**, **«Балтика»** (Калининград) - **«Енисей»** (Красноярск) - **0:1**, **«Зенит-2»** (Санкт-Петербург) - **«Тюмень»** (Тюмень) - **1:0**, **«Волгарь»** (Астрахань) - **«Шинник»** (Ярославль) - **2:0**, **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **«Факел»** (Воронеж) - **0:2**, **«Спартак-2»** (Мэзкуу) - **«Кубань»** (Краснодар) - **1:0**, **«Тосно»** (Тоснэ) - **«Мордовия»** (Саранск) - **1:0**, **«Тамбов»** (Тамбов) - **«Сибирь»** (Новосибирск) - **3:2**, **«СКА-Хабаровск»** (Хабаровск) - **«Химки»** (Химки) - **1:1**.

ПэщIэдзэ джэгугъуищым яужькIэ ялэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ а псоми щытекIуа Воронеж и «Факел»-м. Абы очкоитKIэ къыкIэроху Мэзкуу и «Динамо»-р я пашэу командитху.

Иджыблагъэ премьерлигэм къыхэкIа Краснодар и «Кубань»-мрэ Саранск и «Мордовия»-мрэ хуабжьу хуэмыхуу ирагъэжьащ. Мордовием и футболистхэр псоми къыщыхагъэщIащ, краснодардэсхэр зыми ятекIуэфакъым. Ахэр, ди щIалэхэм я гъусэу, зэкIэ къыкIэрыхуэм ящыщщ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуитIыр «Спартак-Налшыкым» «Шинник»-мрэ «Тюмень»-мрэ ядригъэкIуэкIынущ. Ди щIалэхэм хьэрхуэрэгъу къьхуэхъунухэм мы зэхьэзэхуэм щрагъэкIуэкIа джэгугъуэ псори ирагъэхьэхуащ икIи тIуми зэхэту зы топ закъуэ дагъэкIауэ аращ. Хэт ищIэн «Спартак-Налшыкри» абыхэм япэлъэщыкIэ хъунщ. ПщэдэйнэхъфIэмыкIыу ар ди нэгу щIэкIынущ - Ярославль къалэм ди щIалэхэр щаIуэщIэнущ щIыпIэ «Шинник»-м. Дыщыгугъынщ екъулIэныгъэхэм я щIэдзапIэ ар хъуну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ялэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командзэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Факел»	3	3	0	0	5-1	9
2. «Динамо»	3	2	1	0	6-1	7
3. «Тамбов»	3	2	1	0	6-3	7
4. «Спартак-2»	3	2	1	0	3-0	7
5. «Зенит-2»	3	2	1	0	4-2	7
6. «Тосно»	3	2	1	0	3-1	7
7. «Волгарь»	3	2	0	1	5-3	6
8. «Балтика»	3	2	0	1	2-1	6
9. «Енисей»	3	1	1	1	1-1	4
10. «Нефтехимик»	3	1	1	1	2-3	4
11. «Луч-Энергия»	3	1	1	1	2-3	4
12. «Химки»	3	0	3	0	2-2	3
13. «Сокол»	3	0	2	1	3-4	2
14. «Кубань»	3	0	2	1	1-2	2
15. «Спартак-Налшык»	3	0	2	1	1-2	2
16. «СКА-Хабаровск»	3	0	2	1	2-4	2
17. «Сибирь»	3	0	1	2	2-4	1
18. «Шинник»	3	0	0	3	1-5	0
19. «Мордовия»	3	0	0	3	0-4	0
20. «Тюмень»	3	0	0	3	0-5	0

● ХъыбарегъащIэ

Евтушенкэ Евгений и пшыхь

КъБР-м и Музыкэ театрым бадзэуэгъуэм и 29-м сыхьэт 19-м щекIуэкIынущ усакIуэ цIэрыIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Евтушенкэ Евгений и пшыхь.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 77-42-08; 40-74-39.

● Гу зылъытапхъэ

Гъэмахуэ зэманым лажьэ школ

Илъэс 30-кIэ Америкэм щылэжьа егъэджакIуэм инджылызыбзэкIэ хунту фытхуэ, фыкъеджэу икIи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхъэр тхъэмахуэм щэ къекIуэлIэнущ, тхъэмахуэ зэхуакуу 5-кIэ еджэнущ.

Инджылызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкIэ фыпсалъэ хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIамыщI Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●